

**CAMPUR KODE BASA JAWA DHIALEG SURABAYA ING SMK NEGERI 4 SURABAYA**

**E-JOURNAL**



**Dening:  
STIVANU GUSAINI RIDWAN  
16020114060**

**UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA DAERAH**

**2020**

## CAMPUR KODE BASA JAWA DHIALEG SURABAYA ING SMK NEGERI 4 SURABAYA

STIVANU GUSAINI RIDWAN

S-1 Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

[stivanuridwan\\_16020114060@mhs.unesa.ac.id](mailto:stivanuridwan_16020114060@mhs.unesa.ac.id)

Dr. Surana, S. S., M. Hum.

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

### ABSTRAK

Basa Jawa dhialek Surabaya yaiku salah sawijining basa keanekaragaman kang ana ing Indhonesia. Basa iki ngrembaka kanthi diarani basa Jawa kang paling kasar. Basa Jawa dhialek Surabaya sering dienggo karo masyarakat Surabaya. Kelingan jaman kang modern iki uwis akeh para nom-noman kang sering nggunakake basa Jawa khas kanthi nyisipake basa Indhonesia, Inggris, Medura, lsp. Babagan kasebut bisa munculake anane campur kodhe. Campur kodhe yaiku panganggone rong basa utawa luwih kanthi cara nyisipake unsur-unsur basa siji ing basa liyane. Babagan iki sering ditemoni utamane ana ing arek nom-noman. Kadhang campur kodhe iki bisa kedadeyan tanpa disadari dening panutur kasebut lan uga ana kang pancen sengaja kanggo nglakoni campur kodhe kasebut. Sajrone panliten iki nggunakake teori campur kodhe. Panliten kasebut uga kagolong panliten deskriptif kualitatif. Kedadeyane campur kodhe kasebut disebabake karo anane watesan tembung kang padha, pangaribawa pihak katoro, kurang nguwasani kodhe basa kang digunakake, pangaribawa unsur prestise. Wujud campur kodhe uga ana tembung, frasa, lan klausa. Panliten iki nduweni tujuwan kanggo njabarake ngenani wujud campur kodhe kang ana sajrone basa Jawa dhialek Surabaya ing SMK Negeri 4 Surabaya lan njabarake dhata ngenani penyebab anane kedadeyan campur kodhe basa Jawa dhialek Surabaya ing SMK Negeri 4 Surabaya. Sumber dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku anane cecaturan saka siswa-siswi SMK Negeri 4 Surabaya. Sajrone ngumpulake dhata uga nggunakake teknik rekam lan teknik cathet, sajrone nganalisis dhata kasebut nggunakake metodhe deskriptif komperatif.

**Kata Kunci:** Campur kodhe, Basa Jawa, Dhialek Surabaya, Deskriptif kualitatif

### PURWAKA

Masyarakat nalikane komunikasi nggunakake babagan sing diarani basa. Basa akeh fungsine salah satunggaling yaiku kanggo pacaturan supaya bisa ngleksanani interaksi tumraping masyarakat. Miturut Verhar (2010:6) linguistik yaiku babagan basa kang ndadekake objek linguistik. Ibadhi saka basa kuwi pawongan kuwi ngerti babagan apa kang dimaksud nalikane wong ngajak komunikasi. Pawongan kuwi mesthi ana gegayutane karo babagan basa, amarga babagan basa uga wigati banget kanggo komunikasi. Ora anane basa manungsa bakal ewuh nalikane arep komunikasi marang liyane. Miturut Basir (2010:3), basa kuwi mujudake babagan kang wigati banget sajrone uripe manungsa kanggo nggambarake karakter pribadi uga etos.

Basa dhialek Surabaya yaiku salah satunggaling variasi basa ing Indhonesia. Basa dhialek Surabaya kuwi bisa diarani basa sing kasar tumraping wong Jawa. Basa dhialek Surabaya iki wis ora asring maneh tumraping wong Surabaya amarga wis kalah karo Basa Indhonesia lan basane wong asing. Wiwit cilik anake wis diwarahi Basa Indhonesia kanggo basa rupo dina. Kamangka saliyané masyarakat Surabaya kang ora asli Surabaya uga bisa nggunakake basa dhialek kasebut. Kayata wong saka kutha liya kang wis suwe manggon ing Surabaya mesthi bakal bisa nggunakake basa dhialek Surabaya. Amarga pawongan kuwi nalikane komunikasi karo masyarakat Surabaya bakal niteni apa kang dimaksud panutur kuwi.

Pawongan kang ana ing Indhonesia klebu pawongan kang bilingual kang tegese yaiku nguwasani basa luwih saka siji antarane basa Jawa, basa Indhonesia, basa asing (Nababan, 1988:27). Pawongan Indhonesia iku

bisa diarani dwibasa, dadi nalikane pacaturan nggunakake kontak basa saengga bisa ndadekake anane campur kode. Campur kode bisa ditegesi campurane rong basa utawa luwih sajrone nindakake pacaturan. Wong kang bisa nguwasani rong basa utawa luwih, kuwi bakal penak anggane nindakake pacaturan. Salah sawijine sing bisa nindakake pacaturan nganggo rong basa utawa luwih yaiku masyarakat saka Surabaya. Masyarakat Surabaya kuwi bisa nguwasani rong basa utawa luwih kayata basa Indhonesia, basa Jawa, basa asing, basa dhialek Surabaya.

Adhedhasar babagan kasebut basa dhialek Surabaya narik kawigaten kanggo diteliti kanthi nggunakake tintingan campur kode. Campur kode kuwi mujudake kajian saka cabang linguistik. Campur kode ngandharake ngenani salah sawijine tindak basa kang nyampur antarane rong basa utawa luwih ing salah sawijine kahanan. Supaya luwih cetha basa dhialek Surabaya iki bakal dijlentrehake ngenani wujud lan penyebab saka anane campur kode sajrone basa dhialek Surabaya. Panliten ngenani basa dhialek Surabaya iki bakal nggunakake dhata-dhata rekam lan tulis sing ana ing kahanane pacaturan bocah-bocah ing lingkungan sekolah, amarga dhata-dhata rekam lan tulis kuwi bakal dadi dhata sing valid kanggo nggarap panliten iki.

Sajrone Adhedhasar saka andhahan ing ndhuwur nduweni underan panliten kang kasusun saka: 1) Kepriye wujud campur kode basa Jawa dhialek Surabaya sajrone SMK Negeri 4 kutha Surabaya? lan 2) Apa penyebab anane kedadean campur kode basa Jawa dhialek Surabaya sajrone SMK Negeri 4 kutha Surabaya?

Konsep-konsep panliten ngenani campur kodhe kang bakal ditindakake iki diperang dadi enem, yaiku konsep variasi basa, kontak basa, kedwibasan, campur kodhe, basa dhialek Surabaya, lan sekolah. Konsep-konsep iki nduweni sesambungan kang raket banget marang panliten kang bakal ditindakake iki. Sadurunge mangerteni panliten campur kodhe, luwih becik mangerteni konsep-konsep dhisik ngenani variasi basa,

kontak basa, kedwibasan, campur kodhe, basa dhialek Surabaya, lan sekolah.

Variasi basa kuwi awujud basa sing maneka werna kang ana ing ndonya. Variasi basa mujudake keragaman utawa pambeda sajrone panggunane basa (Chaer lan Agustina, 2010:61). Variasi basa bisa kedadean anane panutur sing ora homogen. Variasi basa uga bisa kedadean amarga anane maneka werna nalikane pacaturan utawa anane interaksi sosial panutur basa. Variasi basa kuwi gegayutan karo anane ragam sosial panutur lan keanekaragaman fungsi basa kuwi dhewe. Kabeh kuwi kudu ana kanggo njangkepi fungsine basa yaiku minangka alat interaksi. Variasi basa kuwi mujudake variasi sajrone basa kang saben basa kuwi nduweni pola dhewe kang meh padha karo pola umum basa induke.

Miturut Thomason (2001:1), kontak basa kuwi kedadean panggunane basa kang luwih saka siji sajrone wektu lan panggonan kang padha. Kontak basa gegayutan karo anane kegiatan sosial sajrone masyarakat kang nrima tekane anggota anyar saka siji utawa luwih saka masyarakat iya. Kontak basa iki kedadean sajrone kahanan konteks sosial, kang saka ngendi pawongan sinau basa kaloro sajrone masyarakat. Kontak basa uga mujudake pangaribawa kang salah sawijine basa menyang basa liyane, kang bisa kanthi langsung lan uga bisa kanthi ora langsung. Kontak basa kuwi luwih tumuju ing gejalane basa.

Teges sing nani kedwibasa utawa bilingual minangka salah sawijine saka masalah kabasan banjur ngalami pangrembakan. Babagan iki disebabake karo titik pangkal pangerten kedwibasan sing nduweni sipat nisbi (relatif). Kenisbian sing kaya mangkono amarga watesan pawongan supaya bisa diarani minangka dwibasawan sing nduweni sipat arbitrer, saengga pandangan ngenani kedwibasan beda antarane siji karo liyane. Miturut Leonard Blomfield kedwibasan yaiku Kedwibasan yaiku kemampuan kanggo nggunakake rong basa sing padha apike karo panutur. Panguwasan rong

basa karo kelancaran lan ketepatan sing padha kaya panutur asline, pancen angel kanggo diukur.

Campur kodhe kuwi salah sawijine gejala ing studi sosiolinguistik. Campur kodhe kuwi bisa kedadean yen panutur nyelipake unsur-unsur liya nalikane nggunakake basa tartamtu (Sumarsono, 2002:202-203). Miturut Nababan (1993:32), campur kodhe bisa ditegesi minangka campuran rong basa utawa luwih ngenani ragam basa sajrone tindak basa tanpa ana samubarang sajrone kahanan bebasan kuwi kang nuntut anane percampuran basa. Nalikane ngrungokake pacaturane rong pawongan utawa luwih rata-rata padha nggunakake macem basa kang luwih saka sabasa. Anane percampuran kuwi bisa nunjang kekomunikatifan pesen kang bakal diandharake.

Dhialek Surabaya utawa sing luwih sering dikenal minangka basa Surabayan yaiku basa dhialek basa Jawa sing di kanggo pacaturan ing dhaerah Surabaya. Basa Surabayan uga diliputi karo anane faktor panyengkuyung anane basa Surabayan dadi luwih dominan (Chaer lan Agustina, 2004:62). Dhialek iki ngrembaka landigunakake karo masyarakat Surabaya. Kanthi cara struktural basa, basa Surabayan bisa diarani basa sing paling kasar. Masiya ngono, basa sing tingkatane luwih alus isih digawe karo saperangan wong Surabaya, minangka wujud pangormatan kanggo wong liyan. Nanging saka panggunane basa Jawa sing alus kayata krama madya nganti krama alus ing kalangan wong Surabaya isih durung sealus kaya ing Jawa Tengah utamane Yogyakarta lan Surakarta kang isih akeh percampurane tembung kang isih kasar.

Miturut Daryanto (1997:544), sekolah yaiku bangunan utawa lembaga kanggo sinau sarta panggonan kanggo nrima lan ngewenehi pasinaonan. Sekolah uga bisa ditegesi minangka lingkungan kapindho kanggo bocah-bocah padha latihan kanggo nuwuhake sikap kapribadene (Zanti Arbi sajrone buku Made Pidarta, 1997:171). Tegese sekolah yaiku lembaga pendhidhikan kang sifate formal, non formal, informal, ing ngendi

pendirine dilakokake karo negara uga swasta kanthi tujuan kanggo ngewenehi pengajaran, pengelola, lan ndhidhik para murid saka bimbingan kang diwenehake karo para pendhidhik utawa guru. Uga ana sing ngarani yen sekolah iku nduweni teges lembaga pendhidhikan kang dirancang kanthi cara khusus kanggo ndhidhik siswa/murid sajrone pengawasan para pengajar utawa guru. Yen miturut Kamus Besar Bahasa Indonesia (KBBI), sekolah yaiku lembaga kanggo aktivitas pasinaon kang nduweni jenjang pendhidhikan (SD, SLTP, SLTA).

Kanggo nganalisis campur kodhe bisa nganggo teori sajrone Alwasillah (2011:52), yaiku teori struktural kuwi nduweni asumsi kanggo tata makarya kang nduweni urikan kanthi menela kawigaten basa ing bidhang fonologi, morfologi, lan uga saka saperangan sintaksis lan ora ngatokake ngenani semantik. Sajrone teori struktural kuwi kanggo nganalisis ukara kanthi teori unsure bawahan langsung yaiku metodhe analisis ukara kang merang adhedhasar kaya unsur-unsure ukara.

Wujud campur kodhe ana telung golongan yaiku sisipan unsur kang awujud tembung, awujud frasa, lan awujud klausa (Abdul Chaer lan Leoni Agustina, 2004:116-117). Ing ngisor iki bakal dijlentrehake luwih jangkep ngenani telung tataran saka wujud campur kodhe.

Kedadean panggunane campur kode utawa panggunane basa siji dicampur karo basa sijine nalikane komunikasi kanthi nggunakake basa Jawa dhialek Surabaya kang ukarane dicampur karo basa Indonesia lan basa liyane, dadi saben kedadeyan kang kaya mangkono diarani campur kodhe. Ana patang penyebab muncule campur kodhe kayata (1) wewatesan padhanan tembung, (2) pangaribawa pihak kaloro, (3) kurang nguwasani kodhe basa kang digunakake, (4) pangaribawa unsur prestise (Basir, 2010:80).

#### **METODHE PANLITEN**

Panliten iki kalebu ing metodhe panliten dheskriptif. Titikan saka panliten dheskriptif yaiku metodhe sing nliti status saklompok manungsa, objek,



kondhisi, uga sistim pamikiran utawa prastawa ing jaman saiki (Nazir, 1988:63). Miturut Kridalaksana (2008:47), panliten dheskriptif kuwi nggambarake konstituen-konstituen ujaran lan ana sesambungane karo morfologis, sintaksis, lan semantik, lumrahe awujud gramatikal utawa variabel. Miturut Sugiyono (2009:21), metodhe dheskriptif yaiku metodhe sing digunakake kanggo nggambarake utawa nganalisis asil panliten ananging ora digunakake kanggo dudutan sing luwih amba.

Panliten iki kalebu jinise panliten sinkronik, amarga basa sing diteliti ing panliten iki yaiku basa ing jaman saiki (Kridalaksana, 2008:22). Miturut Abdul Chaer (2003:14), linguistik sinkronik mengkaji basa sing ana ing masa terbatas. Studi linguistik sinkronik iki bisa uga diarani minangka linguistik dheskriptif, amarga ngupaya ndheskripsike basa kanthi cara apa anane ing jaman tartamtu. Dadi panliten basa kanthi cara sinkronik yaiku panliten sing ditindakake kanthi cara ndeleng fenomena basa ing wektu tartamtu lan uga nduweni sipat dheskriptif. Ana telung cara sing ditindakake yaiku kanthi cara nyepakake dhata, nganalisis dhata, lan ngrumusake asile panliten. Isi saka panliten iki bakal njlentrehake ngenani wujud lan fungsine campur kode sajrone basa dhialek Surabaya ing SMK Negeri 4 kutha Surabaya lan basa sing digunakake yaiku basa dhialek Surabaya.

Sumber dhata yaiku sumber panggon sing dibutuhake dening panliti kanggo njupuk dhata. Sumber dhata ing panliten iki awujud teks lisan lan teks tulis. sumber dhata iki awujud teks lisan lan teks tulis kang ana ing SMK Negeri 4 kutha Surabaya, kanthi pacaturane para siswa.

Dhata panliten kuwi diperang dadi rong macem yaiku dhata dhasar lan dhata panyengkuyung. Dhata dhasar bisa ditegesi dhata sing bisa dijlentrehake. Dhata panyengkuyung yaiku dudu sing dijlentrehake ananging dhata kang digunakake kanggo nyengkuyung dhata dhasar (Sudaryanto, 1998:44). Dhata primer utawa dhasar yaiku awujud teks tulis sing kalebu basa dhialek Surabaya yaiku basa Jawa sing kasar kang nggunakake basa Jawa ngoko

ing SMK Negeri 4 Surabaya. Dhata sekunder utawa panyengkuyung yaiku nganggo rekaman, dadi sing dipocapake karo murid kanthi nggunakake basa Jawa dhialek Surabaya bisa direkam kanggo dhata panyengkuyung. Sajrone panliten iki kudu nggunakake rong jenis dhata amarga kuwi wis dadi konsep kanggo nggolek dhata supaya dhata kuwi bisa terstruktur lan uga tervalidasi.

Instrumen utama panliten iki yaiku ukara lan tetembungan ing pacaturane para siswa ing SMK Negeri 4 kutha Surabaya kang arupa basa dhialek Surabaya. Instrumen liya sing bisa nyengkuyung instrumen utama yaiku kartu dhata lan piranti tulis. Gunane piranti tulis yaiku dienggo kanggo nglumpukake dhata nalikane pacaturane para siswa. Dhata sing ditulis banjur diklumpukake, banjur ditulis ing kartu dhata. Gunane kartu dhata yaiku dienggo supaya bisa nggampangake nalikane nglumpukake dhata lan nggolongake dhata adhedhasar konsep lan teori. Dhata-dhata sing wis ditulis banjur digolongake miturut kelompok wujud campur kode.

Tata cara nglumpukake dhata saka panliten iki 1) Kanthi direkam pacaturan saka siswa kasebut, 2) Dhata sing klebu bisa dicathet lan diklumpukake, 3) Dhata sing wis dicathet mau banjur dikelompokake miturut wujud lan fungsi kang ana ing objek dhata miturut teori campur kodhe, 4) Dhata sing wis dikelompokake bisa diwenahi kodhe kanggo nggampangake panliti.

Tata cara kanggo njlentrehake dhata iku biasane nganggo metodhe. Metodhe sing digunakake kanggo ngandharake lan njlentrehake dhata bisa diarani metodhe padan. Metodhe padan iki digunakake kanggo ngandharake panliten iki amarga basa kang diteliti nduweni sesambungan karo babagan ing jabane basa kang gegayutan. Metodhe iki diandharake sajrone siji teknik dhasar yaiku teknik pilah unsur panemtu (PUP) kanthi nggunakake daya pilah translational. Daya translational awujud daya pilah sing digunakake sajrone nganalisis basa kanthi peranan panemtu yaiku basa liya. Perangane

pilah kang digunakake minangka pedhoman translit basa yaiku kamus Indonesia-Jawa, kamus Jawa-Indonesia, uga bisa nganggo kamus Surabayan. Ukara lan tembung kang awujud penyimpangan sajrone campur kodhe kang awujud basa Jawa lan basa liya ing basa Surabaya, dianalisis lan uga dipadhakake kanthi trep.

Tata cara kanggo nyuguhake dhata sajrone panliten iki yaiku asil analisis dhata sing diteliti dening panliti, disuguhake nganggo wujud laporan kang awujud tulisan kang ngengingi sakabehe kang diasilke ana ing panliten iki, kang intine awujud campur kodhe kang mujudake penyimpangan yaiku wujud kaya sisipaning tetembungan, klausa, frasa, uga ukara kang awujud ing basa dhialek Surabaya. Dhata kang wis digolongake sajrone panliten iki awujud tembung kang nggadhahi unsur campur kodhe ing basa dhialek Surabaya. Tata carane nyuguhake dhata ana ing panliten iki yaiku kanthi informal. Miturut Sudaryanto (1998:45), tata cara kanggo nyuguhake dhata kang informal bisa kanthi cara menehi analisis dhata kang nggunakake tetembungan lan ukara-ukara kang lumrah. Maksud saka andharan iki yaiku jalaran saka nyuguhake dhata, panliten iki nggunakake tetembungan uga ukara kang biyasa dipocapake karo masyarakat saengga bisa dimangerteni lan dipahami dening pamaos.

#### ANDHARAN ASILE PANLITEN

#### WUJUD CAMPUR KODHE

Campur kodhe kuwi mujudake salah sawijine kedadeyan nalikane nindakake tindak tutur ing ngendi panutur bisa nggawe rong kodhe basa uga bisa luwih kang awujud sisipan. Babagan analisis sajrone campur kodhe ana panliten iki migunakake teori kang wujud campur kodhe bisa awujud campurane saka tembung, uga frasa, lan klausa ana ing salah satunggaling basa liya kang digunakake (Abdul Chaer lan Leoni Agustina, 2004:116-117).

#### SISIPAN UNSUR KANG AWUJUD TEMBUNG

Tembung bisa diarani minangka satuwane basa kang paling cilik dhewe. Anane kedadeyan campur kodhe yaiku anane wujud sisipane tembung. Campur kodhe kang wujud sisipan tembung bisa kedadeyan menawa nalikane panutur nggunakake salah sawijine tembung saka basa kang liya menyang panggon komunikasi. Wujud saka kedadeyanane campur kodhe ing sisipan tembung ana ing ngisor iki:

Triyo: Wingi mainmu kok gak ngeyel kaya biyasane Nas  
Nas: 'Kemarin mainmu kok gak ngotot kayak biasanya Nas'

Anas: Iya mas, sikilku sik *cidera* gara-gara tiba wingi  
Wingi: 'Iya mas, kakiku masih *cidera* gara-gara jatuh kemarin'

Triyo: Makakna nek arep turnamen iku dijaga awake  
'Makanya kalau mau ikut turnamen itu dijaga badannya'

Anas: Oke mas siap 'Oke mas siap'

Dhata ing dhuwur kuwi nuduhake anane wong loro kang nindakake cecaturan. Ing cecaturan kuwi ana panutur lan mitratutur. Sajrone dhata ing ndhuwur kuwi nyritakake ngenani pertandingan futsal. Triyo minangka panutur ngomong ning Anas minangka mitratutur. Triyo takon "Wingi mainmu kok gak ngeyel kaya biyasane Nas" "Kemarin mainmu kok gak ngotot seperti biasanya Nas". Anas mangudi "Iya mas, sikilku sik *cidera* gara-gara tiba wingi" "Iya mas, kakiku masih *cidera* gara-gara jatuh kemarin". Saka wangsulane Anas wis nindakake anane campur kodhe yaiku tembung "*cidera*" tembung iki uga klebu ing sajrone basa Indhonesia. Saka kedadeyan kuwi Anas nindakake campur kodhe sisipan unsur kang awujud tembung.

#### SISIPAN UNSUR KANG AWUJUD FRASA

Frasa yaiku bisa ditegesi minangka salah sawijine makna linguistik. Frasa uga bisa diarani minangka satuwan gramatikal kang arupa saka gabungane



tetembungan kang nduweni sipat nonpredikatif lan wujudé kuwi arupa morfem kang bebas. Frasa kuwi mujudake satuwan linguistik kang luwih gedhé saka tembung lan luwih cilik saka klausa. Wujud saka kedadeyan anane campur kodhe kang awujud frasa ana ing ngisor iki:

Sulton: Arek lanang iku nribun Nas, gak nyabun ae!  
‘Anak laki itu nribun Nas, gak nyabun aja!’

Anas: Gak nduwe dhuwit aku Ton ‘Gak punya uang aku Ton’

Sulton: *Jaman sekarang* kok gak nduwe dhuwit  
‘Jaman sekarang kok gak punya uang’

Anas: Ya percaya Ton nek dhuwitmu akeh ‘Ya percaya Ton kalau uangmu banyak’

Dhata ing dhuwur kuwi nuduhake anane wong loro kang nindakake cecaturan. Ing cecaturan kuwi ana panutur lan mitratutur. Sajrone dhata ing ndhuwur kuwi nyritakake ngenani nonton bal-balan. Sulton minangka panutur ngomong ning Anas minangka mitratutur. Sulton ngomong “jaman sekarang kok gak nduwe dhuwit” ‘jaman sekarang kok gak punya uang’. Anas mangsuli “ya percaya Ton nek dhuwitmu akeh” ‘ya percaya Ton kalau uangmu banyak’. Saka omongane Sulton wis nindakake anane campur kodhe yaiku tembung “*Jaman Sekarang*” tembung iki uga klebu ing sajrone basa Indhonesia lan nduweni sipat frasa. Saka kedadeyan kuwi Sulton nindakake campur kodhe sisipan unsur kang awujud frasa.

#### SISIPAN UNSUR KANG AWUJUD KLAUSA

Klausa bisa ditegesi minangka satuwan gramatikal kang arupa gabungan saka frasa-frasa, lan uga nduweni potensi kanggo dadi ukara. Miturut Harimurti (2001:11), klausa minangka satuwan gramatikal kang awujud saklompok tembung kang paling saithik kasusun saka jejer lan wates sarta nduweni potensi kanggo dadi ukara. Nalika wong cecaturan mesthi ana klausa kang nduweni sisipan karo basa liya. Wujud saka kedadeyan anane campur kodhe kang awujud klausa ana ing ngisor iki:

Rani: Nov, awakmu kok isa pedhot karo Surya iku critane ya apa? ‘Nov, kamu kok bisa putus sama Surya itu critanya bagaimana?’

Nova: Aku karo Surya wis gak isa satu maneh Ran poko, *sejak negara api menyerang kita* ‘Aku sama Surya sudah tidak bisa satu lagi Ran pokoknya, sejak negara api menyerang kita’

Rani: Maksud Nov? ‘Maksudnya Nov?’

Nova: Maksudé iku gara-gara Surya selingkuh, aku wis wegah pacaran karo Surya maneh ‘Maksudnya itu gara-gara Surya selingkuh, aku sudah gak mau pacaran sama Surya lagi’

Rani: Oalah perkarane selingkuh ta tibake ‘Oalah perkaranya selingkuh ta ternyata’

Dhata ing dhuwur kuwi nuduhake anane wong loro kang nindakake cecaturan. Ing cecaturan kuwi ana panutur lan mitratutur. Sajrone dhata ing ndhuwur kuwi nyritakake ngenani perkarane Nova pedhot karo Surya. Rani minangka panutur ngomong ning Nova minangka mitratutur. Rani ngomong “Nov, awakmu kok isa pedhot karo Surya iku critane ya apa?” ‘Nov, kamu kok bisa putus sama Surya itu critanya bagaimana?’. Nova mangsuli “Aku karo Surya wis gak isa satu maneh Ran poko, *sejak negara api menyerang kita*” ‘Aku sama Surya sudah tidak bisa satu lagi Ran pokoknya, sejak negara api menyerang kita’. Saka omongane Nova wis nindakake anane campur kodhe yaiku tembung “*Sejak negara api menyerang kita*” tembung iki uga klebu ing sajrone basa Indhonesia lan nduweni sipat klausa. Saka kedadeyan kuwi Nova nindakake campur kodhe sisipan unsur kang awujud frasa.

#### PANYEBAB ANANE KEDADEYAN CAMPUR KODHE

Anane kedadeyan panganggane rong basa utawa luwih kang beda sajrone pacaturan, kayata sawijine pawongan kang nggunakake basa Jawa dhialek Surabaya



banjur nggunakake basa Inggris utawa basa liya, mulane saka kedadeyan kang kaya mangkono bisa diarani anane campur kodhe. Miturut Basir (2010:80), ana papat panyebab anane campur kodhe yaiku (1) anane wewatesan padhanan tembung, (2) pangaribawa pihak kaloro, (3) kurang nguwasani kodhe basa kang digunakake lan (4) pangaribawa unsur prestise.

#### ANANE WEWATESAN PADHANAN TEMBUNG

Miturut Basir (2010:80), saben basa kuwi nduweni wewatesan tembung sajrone babagan kosakata. Babagan kang kaya mangkono bisa mangaribawani sikap tutur saka salah sawijine pawongan. Uga ana wektune salah sawijine pawongan kang ora nemokake padhanan tembung kang trep karo apa kang dheweke pengin, pawongan kuwi bisa nglaksanakake campur kodhe kanthi nyisipake tetembungan saka basa liya. Anane panyebab saka kedadeyan campur kodhe, kang amarga anane wewatesan padhanan tembung bisa dideleng saka dhata ing ngisor iki:

Rajev: Arek iku loh mambune *wangi* banget ‘Anak itu loh baunya wangi banget’

Nanta: Iya mambune sampék tekan kene ‘Iya baunya sampai dari sini’

Rajev: Mene taktuku minyak sing kaya iku ae ‘Besok tak beli minyak yang seperti itu aja’

Nanta: Iya wis aku titip pisan ‘Iya deh aku titip juga’

Cecaturan ing dhuwur iki nuduhake yen cecaturan kuwi ndadekake panyebab anane campur kodhe. Cecaturan kuwi ana panutur lan uga ana mitratatur. Cecaturan kuwi ngandharake ngenani mambu kang wangi saka pawongan sing liwat. Sing ndadekake bukti yen kuwi klebu anane panyebab campur kodhe yaiku anane tembung kang dipocapake dening Rajev yaiku tembung *wangi* ‘wangi’. Tembung kuwi klebu basa Indhonesia kang disisipake sajrone ukara. Wong-wong uga biyasane nggunakake tembung “Sedhep”. Campur kodhe bisa kedadeyan kanthi disengaja utawa ora disengaja ananging

sajrone pacaturan kasebut nuduhake yen tembung kuwi dipocapake kanthi ora sengaja. Anane campur kodhe kasebut bisa kagolong ana ing anane wewatesan padhanan tembung.

#### PANGARIBAWA PIHAK KALORO

Salah sawijine pawongan nglaksanakake pacaturan karo wong liya, kadhang kuwi kanthi ora sadar pawongan utawa panutur kuwi mau bisa mangaribawani menyang mitra tutur. Babagan kang kaya mangkono kuwi bisa nyebabake pawongan bisa nglaksanakake campur kodhe. Pangaribawa saka pawongan kang diajak cecaturan uga nduweni pangaribawa kang wigati banget. Anane panyebab saka kedadeyan campur kodhe, kang amarga pangaribawa pihak kaloro bisa dideleng saka dhata ing ngisor iki:

Sherly: Awakma sik *sayang* karo Dino ta? ‘Kamu masih sayang sama Dino ta?’

Hani: Iya pasti nek iku ‘Iya pasti kalau itu’

Sherly: Ndang, balikan maneh gakpapa wis ‘Segera, balikan lagi enggak apa-apa kok’

Hani: Tapi deke gelem ta balikan karo aku ‘Tapi, dia mau ta balikan sama aku’

Sherly: Coba sik ae wis ‘Coba dulu aja deh’

Cecaturan ing dhuwur iki nuduhake yen cecaturan kuwi ndadekake panyebab anane campur kodhe. Cecaturan kuwi ana panutur lan uga ana mitratatur.

Cecaturan kuwi ngandharake ngenani isih tresnane Hani marang Dino. Sing ndadekake bukti yen kuwi klebu anane panyebab campur kodhe yaiku anane tembung kang dipocapake dening Hani yaiku tembung *sayang* ‘sayang’. Tembung kuwi klebu basa Indhonesia kang disisipake sajrone ukara. Campur kodhe bisa kedadeyan kanthi disengaja utawa ora disengaja ananging sajrone pacaturan kasebut nuduhake yen tembung kuwi dipocapake kanthi ora sengaja. Anane campur kodhe kasebut bisa kagolong ana ing pangaribawa pihak kaloro.



## KURANG NGUWASANI KODHE BASA KANG DIGUNAKAKE

Saben pawongan nalikane nindakake tindak tutur kadhang nggunakake rong basa utawa luwih, kang basa kuwi dicampur basa siji lan basa liyane. Anane kedadeyan iki bisa diarani anane campur kodhe, amarga saka pawongan kuwi kurang nguwasani kodhe basa siji lan basa liyane, mula akhire panutur kuwi nggunakake rong basa kanthi kodhe kang ora mung ana ing siji basa wae. Anane penyebab saka kedadeyan campur kodhe, kang amarga kurang nguwasani basa kang digunakake bisa dideleng saka dhata ing ngisor iki:

Anas: Engkok aja lali mampir nang omahku 'Nanti jangan lupa main di rumahku'

Rendy: Walah Nas, aku durung *mandih* iki 'Oalah Nas, aku belum mandi mi'

Anas: Gampang wis adus nang omahku ae 'Mudah deh mandi di rumahku aja'

Rendy: Oke wis siap 'Oke deh siap'

Cecaturan ing dhuwur iki nuduhake yen cecaturan kuwi ndadekake penyebab anane campur kodhe.

Cecaturan kuwi ana panutur lan uga ana mitratutur.

Cecaturan kuwi ngandharake yen Rendy dikongkon mampir karo Anas menyang omahe. Rendy iki asal

Medura sing manggon ing Surabaya. Sing ndadekake bukti yen kuwi klebu anane penyebab campur kodhe

yaiku anane tembung kang dipocapake Rendy yaiku tembung *mandih* 'mandi'. Rendy ora ngerti tembung adus merga dheweke wiwit SMP wis kenthel karo basa Medurane, akhire Rendy ngucapake tembung *mandih* 'mandi' supaya sing dipocapake bisa dimangerteni karo Anas. Tembung kuwi klebu basa Medura kang disisipake sajrone ukara. Campur kodhe bisa kedadeyan kanthi disengaja utawa ora disengaja ananging sajrone pacaturan kasebut nuduhake yen tembung kuwi dipocapake kanthi sengaja. Anane campur kodhe kasebut bisa kagolong ana ing kurang nguwasani kodhe basa kang digunakake.

## PANGARIBAWA UNSUR PRESTISE

Nalika anane kedadeyan tindak tutur, kadhang pawongan kang dadi panutur kuwi ora nglaksanakake anane percampuran kodhe, nanging uga akeh panutur kang pancen sengaja kanggo nyampur kodhe. Babagan kang kaya mangkono kuwi kanggo nuduhake unsur prestise kang diduweni saka panutur kuwi. Uga ana sawijine pawongan kang kepengin banget kanggo nuduhake kabisanane kang luwih saka wong liya.

Babagan kang kaya mangkono bisa dituduhake kanthi panguwasane basa saka salah sawijine pawongan.

Pawongan bisa diarani duweni kabisan kang luwih yen pawongan kuwi bisa nguwasani rong basa utawa luwih. Anane penyebab saka kedadeyan campur kodhe, kang nuduhake pangaribawa unsur prestise bisa dideleng saka dhata ing ngisor iki:

Thoriq: Put, awakmu ngerti ta basa Inggrisiku aku tresna sliramu? 'Put, kamu tahu ta bahasa Inggrisnya aku sayang kamu'

Putri: Ya jelas ngertilah basa Inggrisiku *i love you* 'Ya jelas tahulah bahasa Inggrisnya itu *i love you*'

Thoriq: *I love you too* Put '*I love you too* Put'

Putri: Walah arek iki isa ae 'Walah anak ini bisa aja'

Thoriq: Ilo iki fakta Put pancen aku seneng awakmu hehe 'Loh ini fakta Put memang saya suka sama kamu hehe'

Cecaturan ing dhuwur iki nuduhake yen cecaturan kuwi ndadekake penyebab anane campur kodhe.

Cecaturan kuwi ana panutur lan uga ana mitratutur.

Cecaturan kuwi ngandharake ngenani rayuane Thoriq marang Putri. Sing ndadekake bukti yen kuwi klebu anane penyebab campur kodhe yaiku anane tembung kang dipocapake dening Putri lan Thoriq yaiku tembung *I love you* 'aku sayang kamu'. Tembung kuwi klebu basa Inggris kang disisipake sajrone ukara. Campur kodhe bisa kedadeyan kanthi disengaja utawa ora disengaja ananging sajrone pacaturan kasebut nuduhake yen tembung kuwi

dipocapake kanthi sengaja. Anane campur kodhe kasebut bisa kagolong ana ing pangaribawa unsur prestise.

## PANUTUP

## DUDUTAN

Adhedhasar asiling panliten kang ana ndhuwur, safed dipunparingi dudutan yen kedadeyan campur kodhe basa Jawa dhialek Surabaya ing SMK Negeri 4 Surabaya bisa kedadeyan marang pawongan kang ana sajrone cecaturan ing lingkungan SMK Negeri 4 Surabaya amarga pawongan ing SMK Negeri 4 Surabaya padha nggunakake patang basa yaiku basa Jawa dhialek Surabaya, basa Medura, basa Indhonesia, lan uga basa Inggris kanthi tujuwan kang maneka warna.

Campur kodhe basa Jawa dhialek Surabaya ing SMK Negeri 4 Surabaya kedadeyan amarga anane akèh pawongan kang asale saka ngendi-endi kang padha nggunakake basa kang luwih dominan kang nyengkuyung salah sawijine tuturan kang disisipi kanthi anane basa Jawa dhialek Surabaya. Anane panyebab kedadeyane campur kodhe ing SMK Negeri 4 Surabaya, amarga pangaribawa pihak kaloro kang muncul amarga kaloro pangguna basa yaiku cecaturane antarane panutur lan mitra tutur padha nguwasani rong basa utawa luwih yaiku basa Jawa dhialek Surabaya lan basa liyane kanthi anane unsur kanggo padha-padha mangaribawani supaya bisa kawujud salah satunggaling pangarep-arep tartamtu.

Campur kodhe disebabake amarga panutur lan mitra tutur cecaturan padha mangaribawani lan padha ngetrapake menyang awake dhewe. Babagan iki mangaribawani pacaturan kang dituturake karo panutur lan mitra tutur. Saka panutur lan mitra tutur kang padha mangaribawani bisa dideleng saperangan alasan panutur nglakokake campur kodhe yaiku (1) wong kaloro luwih mangerteni basa, (2) amarga ana rasa pengen ngurmati, (3) unsur mangaribawani utawa kanggo sawijine tujuwan tartamtu lan (4) rasa welas.

## PAMRAYOGA

Saka andharan kuwi bisa cetha yen asiling panliten campur kodhe basa Jawa dhialek Surabaya ing SMK Negeri 4 Surabaya iki nduweni rong underan panliten yaiku (1) Wujud campur kodhe basa Jawa dhialek Surabaya ing SMK Negeri 4 Surabaya lan (2) Panyebab kedadeyan campur kodhe basa Jawa dhialek Surabaya ing SMK Negeri 4 Surabaya. Saka asiling panliten iki mugiya bisa ndadedake panliti liya kanggo memotivasi pamaca lan panliti liya anggone ngelaksanakake panliten sing luwih cetha ngenani masalah kang isih durung ditliti sajroning panliten iki. Anane kedadeyan campur kodhe ing SMK Negeri 4 Surabaya iki bakale kudu ana panliten kang nliti babagan campur kodhe kanthi luwih cetha maneh supaya babagan dhialek Surabaya luwih ngrembaka ana ing masyarakat.


## ATUR PANUWUN

Panulis ngaturaken agunging panuwun dhumateng Gusti Allah SWT. Ugi ngaturaken panuwun dhumateng Bapa Irwandono lan Ibu Sukarni minangka bapa lan ibu kula ingkang sampun maringi semangat lan ugi sampun ndongakaken supados anggenipun nyerat artikel ilmiah saged lancar. Panulis ugi ngaturaken agunging panuwun dhumateng Bapa Dr. Surana, S. S., M. Hum. minangka dhosen pembimbing kula ingkang sampun maringi motivasi lan ugi sampun mbimbing kula saengga saged ngumpulaken anggenipun nyerat artikel ilmiah.

Ayatrohaedi, 1979 (1983). *Dialektologi: Sebuah Pengantar*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.

Ardiana, Leo Idra. 1992. *Dampak Kedwibahasaan Jawa-Madura terhadap Pemerolehan Bahasa Indonesia Siswa Kelas VI Sekolah Dasar di Kabupaten Pasuruan*. Hasil Penelitian (tidak dipublikasikan).

- Basir, Udjang Pr. M. 1996. *Bahasa Jawa Ragam Hormat di Lingkungan Mahasiswa Jurusan PBD UNESA Surabaya*. Surabaya: Pusat Penelitian UNESA.
- Basir, Udjang Pr. M. 2000. *Dampak Kedwibahasaan dalam Masyarakat Jawa: Kajian terhadap Arah Perkembangan Penggunaan Bahasa Jawa di Lingkungan Remaja Kodia Surabaya*.
- Furchan, Arief. 1992. *Pengantar Metode Penelitian Kualitatif*. Surabaya Penerbit Usaha Nasional Surabaya Indonesia.
- Mahsun, 1995. *Dialektologi Diakronis, Sebuah Pengantar*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Sugiri, Eddy. 1996. "Kosa Kata Bahasa Waria di Kota Adia Surabaya". Makalah disajikan dalam *Seminar Linguistik Regional Jawa Timur Masyarakat Linguistik Indonesia*, Komisariat IKIP Surabaya, tanggal 19-20 April 1996.
- Kridalaksana, Harimurti. 2001. *Wiwara Pengantar Bahasa dan Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Mandasari, Agusta. 2009. *Alih Kode dan Campur Kode dalam Percakapan Telepon Genggam oleh*
- Penutur Berbahasa Nias di Sidoarjo*, Skripsi tidak diterbitkan. JBSI FBS UNESA.
- Chaer, Abdul. 1994, *Linguistik Umum*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul. 2007, *Kajian Bahasa Struktur Internal, Pemakaian dan Pembelajaran*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Nugrahadi, Marlin Iqma. 2010. *Campur Kode Sajrone Wacana Jual Beli di Pasar Beringharjo Yogyakarta*. Skripsi tidak diterbitkan. Surabaya: JBSI FBS UNESA.
- Mahsun. 2005. *Metode Penelitian Bahasa*. Jakarta: PT. Rajagrafindo Persada.
- Basir, Udjang Palrin. 2010. *Sosiolinguistik*. Surabaya: Bintang Surabaya.
- Sumarsono, P.P. 2002. *Sosiolinguistik*. Yogyakarta: Sabda
- Subagyo, Rahmad. 2014. *Titi Ukara Basa Jawa*. Surabaya: Bintang Surabaya.



**UNESA**  
**Universitas Negeri Surabaya**